लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# नूह आ महाप्रलय

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus;
Alastair Paterson

अनुकूलित: M. Maillot; Tammy S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण
करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

नूह ही एकमात्र
इंसान रहलन कि
ईश्वर के पूजा
करत रहलन ।




इनकरा अलावे सब लोग ई वर से घृणा करत रहे आ उनकर आज्ञा के ना मानत रहे ।


एक दिन ईश्वर चौकावे वाली बात कह लन । “एह दुष्ट संसार के विनाश करब” ईश्वर नूह से कहलन ।
“खाली तोहरा परिवार के बचाईब ।”

ईश्वर नूह के चेतावनी दिहलन कि महाप्रलय आई आ पूरा पृथ्वी के ढक दीही ।




“लकडी के नाव बनाव,
एतना बड नाव कि तोहार
पूरा परिवार आ ढेर सारा
जीव-जन्तु ओह में समा
सके ।”

नूह के आदे । मिलल । ईश्वर
नूह के उचित निर्देश दिहलन ।
नूह अपना काम में व्यस्त
हो गईलन !





लोग नूह के मजाक उडावत रहलन, नूह लोगन के बतलावत रहलन की उ कांहें खातीर जहाज बना रहल बाडन ।


नूह अपना काम में
ब्यस्त रहलन । उ
लोगन के ई वर
के बारे
में भी
बतलावत
रहलन बाकि
केहूँ उनकर
बात ना सुनल ।


नूह बडा विश्वासी रहलन । पहिले कभी भी बारिश ना पडल रहे फिर भी नूह ईश्वर पर विश्वास कईलन ।

तुरन्त जहाज सर-समान रखे खातिर तैयार रहें ।



अब सबसे पहिले जानवर, ईश्वर सात प्रजाति आ दूगो दूसर प्रजाति के नाव में ले जाये के कहलन ।



छोट बड पक्षी, छोट से छोट आ बड से बड चौपाया, सब नाव में चढे खातिर नाव के तरफ जाये लगले ।



जब नूह जानवरन के नाव में चढावत रहलन, शायद, लोग नूह के भला-बुरा बोलत रहलन ।




बाकि उ लोग ईश्वर के
खिलाफ पाप कईल ना
छोडलन । नाव में
घुसे खातिर भी
ना पूछलन ।


अन्त में, सब जानवर
आ चिडिया नाव
में चढ
गईले ।
“नाव में तुहु बा
जा” ईश्वर नूह के
बोलवलन “तु आ तोहार
पूरा परिवार भी।”


नूह, उनकर पत्नि,
उनकर तीनों
बेटा आ
उनकन
लोग के
पत्नि नाव
में चढ गईली
जा। तब ईश्वर
नाव क दरवाजा बन्द
कर दिहलन।



तब बारिश शुरु भइल । चालीस दिन आ चालीस रात के भारी बारिश पूरा धरती के ढक दिहलस ।



बाढ के पानी गाॅव आ
शहर सब पर पडल ।



जब बारिश रुक गईल, पहाड भी पानी के भीतर चल गईल रहल । सांस लेबे वाला हर चीज मर गईल ।



शायद अन्दर बहुत अन्धकार रहलहोइ, शायद उबड खाबड आ ना त डरावना रहल होई । चाहे जईान भी होखे उ जहाज नोवा के बाढ के समय शरण दिहलस । जैसे जैसे बाढ के पानी बढल, नाव ओकरा उपर तैरे लागल ।

बाढ के पाँच महिना के बाद, ईश्वर, पानी सुखावे वाला हवा भेजलन ।





धीरे - धीरे उ जहाज अरात नामके पहाड पर आ के लाग गईल । जब पानी घटत रहे, नूह जहाज में अउर चालीस दिन रहलन ।

नूह जहाज के दरवाजा से एगो कौवा आ एगो कबुतर बाहर भेजलन। जब ओह लो के सुखल आ साफ आराम करे के ना मिलल, कबुतर नूह के पास वापस आ गईल। एक सप्ताह के बाद नूह एकबार फिर प्रयास कईलन।



कबुतर अपना चोंच
में जैतून के पत्ता
लेके वापस आ
गईल ।



अगला सप्ताह नूह
जान गईलन कि
पृथ्वी सुख गईल बा
काहे कि कबुतर वापस
ना आइल ।

इश्वर नूह से कहलन कि इहे समय बा कि तु नाव में से उतर ।



नूह आ उनकर परिवार मिल के सब जानवर के नाव से बाहर निकललन ।



नूह केतना एहसानमंद भईल होइहनं !



उ एगो बेदी बनवलन
आ ईयवर के पूजा
कईलन काहे कि
ईश्वर उनका के
आ उनका पूरा
परिवार के एह
डरावना बाढ के
बचवलन ।





ईश्वर नूह से एगो अद्भूत वादा कइलन । इंसान के नाश करे खातिर उ कबो दूबारा बाढ ना भेजिहन ।

एह बाढ के बाद नूह आ उनकर परिवार एगो नाया जीवन पवलन ।



समय के साथ साथ नूह के संतान एह पूरा धरती के ईसान से भर दिहलन ।



धरती पर के
पूरा राष्ट्र नूह
आ उनकर बच्चन
से उत्पन भइल ।



# नूह आ महाप्रलय

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पति ६-१०

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिह्नी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16